

Anons Vil Miami sou Metòd Travay Konfidansyèl

ANONS SA A ESPLIKE KOUMAN NOU KA SÈVI AVÈK, OSWA BAY ENFÒMASYON SOU SANTE W, EPI KOUMAN OU KAPAB GADE ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI PAPYE SA A BYEN.

Rezon pou Fè Anons sa a: Lalwa oblije Sèvis Ponpye nan Vil Miami (nou pral kontinye rele « Sèvis Ponpye » a) kenbe kèk enfòmasyon sou sante moun konfidansyèl; se yon pwogram ki rele Pwoteksyon Enfòmasyon Sante (oswa PHI, paske nan lang angle yo di « Protected Health Information »). Lalwa oblije Sèvis Ponpye a ba ou enfòmasyon tou sou devwa nou genyen devan lalwa, ak sou metòd travay nou dwe sèvi pou respektè entimite w dapre prensip PHI yo. Anons sa a esplike dwa ou genyen devan lalwa, li fè w konnen ki metòd travay nou genyen pou respektè entimite moun, epi koman Sèvis Ponpye a gen dwa sèvi avèk PHI w, ak bay enfòmasyon sou sante w.

Sèvis Ponpye a oblije tou respektè kondisyon ki ekri nan dènye revizyon Anons sa a, ki valab kounye a. Pou pi souvan, nou pral sèvi ak enfòmasyon yo san mande pèmasyon w, jan anons sa a esplike a; men gen kèk ka kote nou gen dwa sèvi ak enfòmasyon yo sèlman apre ou ba nou pèmasyon ekri, si lalwa oblije nou fè sa.

Kilè yo Gen Dwa Sèvi avèk, oswa Bay Enfòmasyon PHI yo: Sèvis Ponpye a gen dwa sèvi avèk enfòmasyon PHI yo pou trete moun, pou peye, epi pou bay swen sante, pi souvan san mande pèmasyon ekri. Men kèk egzanp ki montre lè yo sèvi avèk enfòmasyon PHI w:

Pou Tretman: Nan kategori sa a, genyen bagay tankou enfòmasyon pale ak ekri nou pran sou ou, pou nou sèvi pou sante w, ak pou tretman nou ba ou, ak tretman lòt pwofesyonèl sante ba ou (tankou doktè ak enfimye ki bay lòd ki pèmèt nou fè tretman pou ou). Genyen tou enfòmasyon nou bay lòt pwofesyonèl sante nou transfere dosye w ba yo pou swen ak tretman w, epi genyen enfòmasyon PHI nou voye nan radyo ak telefòn bay lopital, bay direktè medikal, oswa bay santral operatè, epi kopi nou bay lopital sou enfòmasyon nou ekri pandan n ap ba ou tretman ak mennen w bay doktè. Genyen tou enfòmasyon nou bay moun nan fanmi w, oswa bon zanmi w oubyen lòt moun ki ede nou okipe w, depi ou di nou mèt fè sa, oswa si nou te ba w yon chans di pa bay moun sa yo enfòmasyon sou ou, epi ou pa t di non. Nou kapab bay moun nan fanmi w, oswa zanmi w enfòmasyon sou sante w tou, si dapre sikonstans yo nou kwè ou pa ta gen pwoblèm ak sa. Pa egzanp, nou kapab sipoze ou dakò pou nou bay moun ou marye a enfòmasyon pèsònèl sou sante w, si se moun sa a ki rele anbilans pou ou. Nan ka kote ou pa kapab di w pa dakò (paske ou pa la, oswa paske ou pa kapab pale, oswa poutèt kalite ijans ou genyen an) nou kapab deside, dapre jijman nou fè, sa nan enterè w pou nou fè fanmi w oswa moun ki zanmi w konnen sa ou genyen. Nan yon ka konsa, sèl enfòmasyon n ap bay se sa ki enpòtan pou moun k ap ede okipe w la konnen. Pa egzanp, nou ka fè moun ki monte avèk ou nan anbilans lan konnen ki sa ou sanble ou genyen, epi nou kapab bay moun sa a dènye enfòmasyon nou detekte sou eta sante w, epi esplike l ki tretman ekip nan anbilans lan ap fè pou ou.

Pou peye: Nan kategori sa a, gen aksyon nou dwe pran pou nou kapab touche pou sèvis nou fè pou ou yo, tankou òganize PHI w, epi voye bòdwo bay pwofesyonèl sante, ak/oswa bay konpayi asirans (kit se dirèk, kit se pou nou pase nan yon lòt konpayi ki okipe voye bòdwo), administre bòdwo nou resevwa pou sèvis, analize ak pran desizyon sou nesèsite sèvis medikal yo, epi touche lajan ki pa peye.

- Pou voye bay lòt pwofesyonèl sante oswa lòt sèvis pou mande peye pwofesyonèl oswa sèvis ki resevwa enfòmasyon yo (tankou lopital ou oswa konpayi asirans ou).

Pou aktivite ki an rapò ak swen sante: Nan kategori sa a genyen aktivite pou garanti kalite sèvis yo, pwogram lisans, pwogram fòmasyon pou fè anplwaye nou yo satisfè kondisyon yo mande nan gouvènman federal, nan Eta a, ak nan gouvènman lokal pou swen moun, epi pou garanti yo swiv prensip ak pwosedi ki

tabli yo; genyen tou, chache jwenn sèvis legal ak finans, planifye pou biznis, okipe doleyans ak plent, epi ekri rapò ki pa gen non w pou pèmèt ranmase enfòmasyon.

- Pou voye bay lòt sèvis sante (tankou lopital kote nou mennen w lan) pou aktivite swen sante yo fè pou sèvis ki resevwa enfòmasyon an, depi sèvis sa a te pran kontak avèk ou, epi depi enfòmasyon PHI yo gen rapò ak kontak sa a.
- Pou dekouvri moun k ap fè koken oswa abi nan zafè sante, oubyen pou aktivite ki gen rapò ak lalwa.
- Pou voye bay otorite sante piblik yo, nan kèk ka (tankou pou fè rapò lè gen yon tibebe ki fèt, yon lanmò, oswa yon maladi, jan lalwa mande, oswa pou yon ankèt sou sante piblik, pou rapòte abi sou timoun oswa sou granmoun, oswa vyolans anndan kay, pou rapòte pwoblèm tankou defo nan machandiz, oswa pou fè yon moun konnen li te pran kontak ak yon maladi ki kapab atrapan, tankou lalwa mande).
- Pou aktivite kontwòl sou zafè sante, tankou odit oswa ankèt gouvènman, enspeksyon, aksyon disiplinè, ak lòt aksyon administratif oswa jidisyè gouvènman (oswa kontraktè gouvènman) ap mennen dapre lalwa pou sipèvize sistèm swen sante a.
- Pou pwosedi jidisyè ak administratif, dapre lòd tribinal oswa lòd administratif, oswa tou pou reponn yon manda oswa dapre yon lòt kalite pwosedi legal.
- Pou aktivite lapolis nan kèk ka limite, tankou lè gen yon manda ki vini ak demann nou resevwa a, oswa lè yo bezwen enfòmasyon an pou jwenn yon moun ki sispèk oswa pou anpeche yon krim fèt.
- Pou aktivite militè, defans ak sekirite nasyonal, ak lòt aktivite espesyal gouvènman.
- Pou pare yon gwo menas kont sante ak sekirite yon moun oswa tout yon popilasyon.
- Pou okipe dosye asirans travayè, epi pou satisfè lalwa nan zafè asirans travayè.
- Pou voye bay koronè, egzaminatè medikal, direktè ponp finèb pou idantifye kadav, pou analize lakòz yon lanmò, oswa pou fè etid lalwa pèmèt.
- Si w bay pèmasyon pou pran ògan nan kadav ou, nou kapab remèt enfòmasyon sou sante w bay òganizasyon ki okipe transfè ògan, je, oswa lòt moso nan kò moun, oswa bay yon labank pou ògan, si sa nesesè pou fasilite transfè ògan.
- Pou voye bay pwojè rechèch, men nan ka sa a, pral genyen anpil kontwòl epi y ap mande w pèmasyon, anvan yo bay enfòmasyon sou sante w yon jan pou pa gen anpil chans pou fè konnen non w, epi tout prekosyon pral pran dapre lalwa.
- Nou kapab sèvi avèk, oswa bay enfòmasyon sou sante w yon jan ki pa pèmèt idantifye w, ni san bay non w.

Kilè Pèmasyon w Nesèsè pou yo Sèvi avèk, oswa bay Enfòmasyon yo

Si se pa nan youn nan ka ki esplike pi wo la yo, nenpòt kilè yo pral bay enfòmasyon PHI sou ou, y ap mande w pèmasyon ekri (nan pèmasyon an, yo pral mande w di akèl ki enfòmasyon Sèvis Ponpye a bezwen sèvi oswa bay, epi kilè ak ki jan n ap bezwen sèvi avèk enfòmasyon an oswa bay li). ***Ou gen dwa anile pèmasyon ou bay la nenpòt kilè, sòf si nou deja sèvi avèk, oswa bay enfòmasyon sou sante w la, dapre pèmasyon ou te ba nou an.***

Dwa Pasyon: Kòm pasyan, ou gen plizyè dwa ki ba ou pwoteksyon pou enfòmasyon PHI w, tankou:

Dwa pou fè yo ba ou yon kopi oswa pou w wè enfòmasyon PHI yo: Sa vle di ou gen dwa ale nan biwo Sèvis Ponpye a, nan 444 S.W. 2nd Avenue (10yèm etaj), pou gade ak fè kopi pifò nan enfòmasyon medikal nou genyen sou ou yo. Sèvis Ponpye a pral fè w jwenn enfòmasyon sa yo anvan 30 jou pase, lè w mande sa. Sèvis Ponpye a kapab mande w tou pou w peye lajan sa koute pou fè kopi nenpòt ki dokiman sou sante w ou mande pou yo ba ou.

Dwa pou w fè korije enfòmasyon PHI w: Ou gen dwa mande Sèvis Ponpye a korije enfòmasyon li genyen sou sante w yo. Si Sèvis Ponpye a aksepte korije enfòmasyon sou sante w yo, nòmalman nou pral korije yo anvan 60 jou pase apre ou mande sa, epi n ap fè w konnen sa, lè nou korije yo. Gen kèk ka kote Sèvis Ponpye a gen dwa refize chanje enfòmasyon sou sante w, tankou lè nou sèten enfòmasyon ou mande chanje yo deja kòrèk. Si w vle mande Sèvis Ponpye a korije enfòmasyon nou genyen sou sante w, kontakte ofisye ki responsab entimite moun lan, ki idantifye nan dènye paj Anons sa a.

Dwa pou w mande konnen kouman nou sèvi avèk, oswa bay enfòmasyon PHI w: Ou gen dwa mande pou Sèvis Ponpye a fè w konnen ki enfòmasyon nou bay sou sante w pandan 6 dènye ane ki pase anvan dat ou fè demann lan. Si w vle fè sa, kontakte ofisye ki responsab entimite moun lan, ki idantifye nan dènye paj Anons sa a.

Gen pou kèk bagay Sèvis Ponpye a pa oblije fè w konnen jan li sèvi avèk, oswa bay enfòmasyon sou sante w, tankou:

- Tretman
- Peman
- Aktivite swen sante
- Lè nou kominike enfòmasyon sou sante w bay patnè nan biznis nou yo, tankou konpayi ki okipe zafè bòdwo pou nou, oswa yon sant medikal kote nou te mennen w oswa ale chache w.
- Sa nou fè ak enfòmasyon pwoteje sou sante ou deja ba nou pèmisyon ekri pou nou sèvi avèk yo.

Dwa pou w mande pou nou limite jan nou sèvi avèk, oswa bay enfòmasyon PHI w: Ou gen dwa mande pou Sèvis Ponpye a limite jan nou sèvi avèk, oswa bay enfòmasyon sante nou genyen sou zafè tretman w, peman, oswa aktivite swen sante ki gen rapò avèk ou, oswa limite enfòmasyon nou bay fanmi w, zanmi w, oswa lòt moun ki ede okipe w. Sèlman, si w mande limite enfòmasyon yo, men enfòmasyon ou mande Sèvis Ponpye limite yo nesèse pou fè yon tretman ijan pou ou, lè sa a, nou kapab sèvi avèk enfòmasyon PHI sa yo, oswa bay pwofesyonèl sante k ap fè tretman ijan an enfòmasyon sa yo. Sèvis Ponpye a pa oblije aksepte limite tout enfòmasyon ou mande limite, men si li aksepte, lè sa a li oblije respekte sa devan lalwa.

Kopi sou Entènèt, epi dwa pou mande yon kopi Anons lan sou papye: Si Sèvis Ponpye a gen yon pòtay Entènèt, n ap mete yon kopi Anons sa a aklè sou pòtay la. Si w mande sa, Sèvis Ponpye a ap voye yon kopi Anons lan ba ou. Pou mande yon kopi, tanpri kontakte ofisye ki responsab entimite moun lan, ki idantifye nan dènye paj Anons sa a.

Revizyon nan Anons lan: Sèvis Ponpye a deklare li gen dwa chanje kondisyon ki ekri nan Anons sa a nenpòt kilè, epi sa li chanje a ap valab touswit, epi li pral sèvi pou tout enfòmasyon pwoteje sou sante nou kenbe sou moun. Tout chanjman ki fèt nan sa anons lan di pral afiche touswit nan biwo nou, epi l ap parèt nan pòtay Entènèt nou an, si nou genyen youn. Si w bezwen yon kopi dènye revizyon Anons sa a, kontakte ofisye ki responsab entimite a, ki idantifye nan dènye paj Anons sa a.

Dwa pasyan devan lalwa, pou plent yo pote: Ou gen dwa pote plent tou bay ofisye ki responsab entimite moun, nan Sèvis Ponpye a, ki idantifye nan dènye paj Anons sa a, oswa bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Moun nan Etazini an, si w kwè yo pa respekte dwa pou entimite w. Pèsonn pa pral fè vanjans sou ou poutèt ou pote plent ba nou, oswa bay gouvènman federal.

Komèsyalizasyon / Ranmase kotizasyon

Sèvis Ponpye a p ap janm sèvi avèk okenn enfòmasyon pwoteje sou sante, pou fè komèsyalizasyon ni pou ranmase kotizasyon.

Rechèch

Si Sèvis Ponpye a ap patisipe nan nenpòt travay rechèch kote yo sèvi avèk enfòmasyon pwoteje sou sante ki gen non pasyan, Sèvis Ponpye a ap mande pasyan an pèmisyon anvan li bay enfòmasyon PHI pasyan an.

Si w gen nenpòt ki kesyon, oswa si w vle pote yon plent oubyen fè yon reklamasyon dapre dwa w ki ekri nan Anons sa a

The Privacy Officer
The City of Miami Department of Fire Rescue
444 SW 2nd Avenue
Miami, FL 33130
(305) 416-1653

Dat Anons sa a koumanse valab: 14 avril 2003